

## **BAB III**

### **METODEU PANALUNGTIKAN**


#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 175) desain panalungtikan nyaéta rencana anu nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hiji hal anu baris dilakukeun. Desain panalungtikan mangrupa prosés nu diperlukeun dina rarancang panalungtikan nepi ka patalékan nu aya bisa kajawab. Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kualitatif dina ulikan tradisi lisan. Pamarekan kualitatif nyaéta prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data deskriptif mangrupa kekecapan tinulis atawa lisan ti manusa anu dititénan. Ieu pamarekan diarahkeun kana kasang tukang individu sacara holistik (gembeleng) (Moleong, 2012, kc. 3). Ku kituna, paradigma pamarekan kualitatif ngagunakeun pamarekan humanistik pikeun maham réalitas sosial para idéalis jeung neueulkeun kana sawangan ngeunaan kahirupan sosial (Damaianti jeung Samsudin, 2011, kc. 128). Kahirupan sosial disawang minangka kréativitas dina hirup kumbuh babarengan. Satuluyna, kahirupan sosial dianggap lain hal anu statis tapi hal anu robah kalayan dinamis. Paradigma kualitatif miboga asumsi yén réalitas téh sipatna ganda jeung kompleks. Duanana silih pakait, mangrupa hiji beungkeutan anu gumulung anu sipatna holistik. Ku kituna, pamarekan kualitatif penting pisan keur paradigma kajian tradisi lisan, ku sabab kasaluyuanana jeung kajian tradisi lisan anu nyarungsum, ngulik, jeung ngajéntrékeun ma'na katut pola tradisi lisan anu holistik (Sibarani, 2010, kc. 226).

Ieu panalungtikan dilaksanakeun ngagunakeun ulikan tradisi lisan. Ulikan tradisi lisan mangrupa ulikan multi disipliner anu digunakeun pikeun nganalisis hiji pasualan anu ngawengku filsafat, sastra, sajarah, antropologi, sosiologi, hukum, jeung politik. Léngkah-léngkahna, nyaéta (1) ngumpulkeun sumber data primér jeung sekundér, (2) milih tiori anu luyu keur nganalisis data, (3) nganalisis jeung ngainterprétasi data anu geus dipilih, jeung (4) nyieun tulisan jeung kontruksi hasil panalungtikan (Isnendes, 2013, kc. 112). Ulikan tradisi lisan kalayan objék tradisi nyalin ditilik tina struktur jeung pungsi. Dina wangun tradisi lisan aya téks (struktur), ko-téks (élémen atawa unsur), jeung kontéks (kaayaan)

anu bakal jadi pola dina ieu tradisi. Dina eusi tradisi aya ajén jeung norma anu adiluhung salaku idéntitas lokal masarakat Desa Sidamulya.

Dumasar kana pedaran di luhur, desain panalungtikan atawa bagbagan prosés panalungtikan bisa digambarkeun dina bagan 3.1.




### Bagan 3.1

#### Desain Panalungtikan

Yogi Yogaswara Yanuariska, 2017

ULIKAN STRUKTUR JEUNG ÉTNOPÉDAGOGIK KANA TRADISI NYALIN DI DÉSA SIDAMULYA KACAMATAN CISAGA KABUPATÉN CIAMIS PIKEUN BAHAN AJAR BAHASAN BUDAYA SUNDA DI SMA  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.2 Lokasi Panalungtikan jeung Sumber Data



**Gambar 3.1**  
**Peta Désa Sidamulya**

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di Desa Sidamulya Kacamatán Cisaga Kabupatén Ciamis. Masarakat di éta wewengkon masih kénéh ngalaksanakeun tradisi nyalin saméméh lumangsungna panén. Tempat anu dipaké panalungtikan nyaéta sawah Bapa Koman sareng Ibu Tasmini. Lokasi sawah pernah di Dusun Kubang RT. 21 RW. 10 (lelemahan Cibobo Peuntas) Desa Sidamulya Kacamatán Cisaga Kabupatén Ciamis.

**Yogi Yogaswara Yanuariska, 2017**

**ULIKAN STRUKTUR JEUNG ÉTNOPÉDAGOGIK KANA TRADISI NYALIN DI DÉSA SIDAMULYA KACAMATAN CISAGA KABUPATÉN CIAMIS PIKEUN BAHAN AJAR BAHASAN BUDAYA SUNDA DI SMA**  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sumber data dina ieu panalungtikan aya anu disebut sumber data primer jeung sekunder. Sumber data primer téh disebut ogé sumber data utama tina unsur tradisina anu dicangking ngaliwatan wawancara ka tokoh masarakat, budayawan, wali puhun, nu boga sawah, audien (masarakat anu nyaksian tradisi nyalin), masarakat lianna, jeung obsérvasi langsung di lapangan waktu tradisi nyalin lumangsung. Sumber data sekunder leuwih deukeut jeung data pangrojong anu ngawengku mutolaah kapustakaan, dokuméntasi, mutolaah bahan tinulis, ngarékam, jeung sajabana.

**Tabél 3.1**  
**Informan Panalungtikan**

No	Wasta	Umur	Keterangan
1	 Sapri	76 taun	Sesepuh Dusun Kubang Desa Sidamulya
2	 Surdi	63 taun	Wali Puhun
3	 Tasmini	73 taun	Nu Boga Sawah & Palaku
4	 Wawan Setiawan	53 taun	Juru Kukumpul

Yogi Yogaswara Yanuariska, 2017

*ULIKAN STRUKTUR JEUNG ÉTNOPÉDAGOGIK KANA TRADISI NYALIN DI DÉSA SIDAMULYA  
KACAMATAN CISAGA KABUPATÉN CIAMIS PIKEUN BAHAN AJAR BAHASAN BUDAYA SUNDA DI SMA*  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5		Herdianto	34 taun	Sekretaris Désa Sidamulya
6		Ari Kurnia	14 taun	Audién Entragan Ngora

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data ngagunakeun téhnik obsérvasi, téhnik wawancara, jeung téhnik dokuméntasi.

#### 3.3.1 Téhnik Obsérvasi

Téhnik obsérvasi nyaéta téhnik ngumpulkeun data ku cara niténan sarta nyatet hasil tina obsérvasi (Fathoni, 2006, kc. 104). Ieu téhnik digunakeun pikeun meunangkeun data-data ngeunaan tradisi nyalin sacara émpiris. Jadi panalungtik turun langsung ka lapangan.

#### 3.3.2 Téhnik Wawancara

Wawancara nyaéta téhnik ngumpulkeun data ku cara prosés *tanya jawab* lisan saarah. Hartina pertanyaan ti pihak nu ngawawancara jeung jawaban ti pihak nu diwawancara (Fathoni, 2006, kc. 105). Ieu téhnik digunakeun pikeun néangan informasi langsung ti narasumber ngeunaan tradisi nyalin. Informan kunci nyaéta budayawan di Desa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupatén Ciamis. Informan utama anu diwawancara nyaéta wali puhun, nu boga sawah, palaku, penutur, jeung tokoh masarakat anu apal kana tradisi nyalin. Informan tambahan nyaéta nu ngahadiran tradisi nyalin (audien) jeung masarakat anu pernah nyaksian lumangsungna tradisi nyalin.

### 3.3.3 Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun kumaha prak-prakanana éta panalungtikan, jeung ngadokuméntasikeun naon waé anu aya jeung ditalungtik ti mimiti nepi ka ahir tradisi nyalin. Téhnik dokuméntasi dilaksanakeun pikeun maham ‘téks’ jeung keur niténan sacara diakronik, kumaha parobahan baheula jeung kiwari tradisi nyalin tina jihad struktur jeung pungsi.

Dumasar kana téhnik ngumpulkeun data di luhur, léngkah-léngkah ngumpulkeun data téh dijéntrékeun ieu di handap.

- 1) Ngalaksanakeun obsérvasi ka lapangan.
- 2) Ngalaksanakeun wawancara jeung narasumber.
- 3) Ngadokuméntasikeun hasil obsérvasi jeung wawancara.
- 4) Néangan struktur jeung pungsi tradisi nyalin.
- 5) Néangan ciri kelisanan tina tradisi nyalin.
- 6) Néangan ajén étnopédagogik tina tradisi nyalin.

### 3.4 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data aya sababaraha analisis anu dilaksanakeun dumasar kana ulikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan.

#### 3.4.1 Analisis Struktur

Struktur anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta struktur tradisi lisan anu ngawengku téks (struktur), ko-téks (élémén atawa unsur), jeung kontéks (kaayaan). Data tina tradisi nyalin bakal dipasing-pasing dumasar kana struktur tradisi lisan.

#### 3.4.2 Analisis Ciri Kelisanan

Maham komunikasi lisan dina tradisi lisan bakal nyoko kana ciri kelisanana. Ku kituna, dina maham komunikasi lisan dina tradisi nyalin dianalisis ciri kelisananana nurutkeun Ong, nyaéta (1) ayana pamikiran lisan (*oral thought*), (2) éksprézi lisan (*oral expression*), jeung (3) naratif lisan (*oral narrative*). Éta ciri téh lumaku dina produk budaya lisan anu ngagunakeun médium vérbal. Jadi, data tradisi nyalin bakal disungsi ciri kelisanana dumasar kana tiori anu diébréhkeun ku Ong tadi.

### 3.4.3 Analisis Étnopédagogik

Analisis étnopédagogik téh suméndér kana sawangan hirup urang Sunda anu diébréhkeun ku Warnaen, nyaéta (1) sawangan hirup manusa jeung dirina, (2) sawangan hirup ngeunaan manusa jeung lingkungan masarakat, (3) sawangan hirup manusa jeung alam, (4) sawangan hirup manusa jeung Pangéran, (5) manusa dina ngudag kamajuan lahiriah jeung kasugemaan batin. Salaku produk kabudayaan tradisi nyalin tinangtu nyangkaruk ajén atikan dina sawangan hirup urang Sunda baheula.

Dumasar kana téhnik analisis di luhur, dilaksanakeun léngkah-léngkah ngolah data anu kieu unggelna.

- 1) Mariksa deui data anu geus dikumpulkeun tina hasil obseérvasi lapangan, wawancara, jeung dokuméntasi.
- 2) Nyieun papasingan data dumasar struktur jeung pungsi, ciri kelisanan, jeung ajén étnopédagogik tradisi nyalin.
- 3) Nganalisis data dumasar struktur jeung pungsi, ciri kelisanan, jeung ajén étnopédagogik tradisi nyalin.
- 4) Ngadéskripsikeun data dumasar struktur jeung pungsi, ciri kelisanan, jeung ajén étnopédagogik tradisi nyalin.
- 5) Nafsirkeun data tina hasil analisis jeung déskripsina.
- 6) Nyieun bahan ajar bahasan budaya Sunda tina hasil panalungtikan tradisi nyalin.
- 7) Nyieun kacindekan.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nyaéta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sacara gemit, lengkep, sistematis sangkan hasilna leuwih gampang diolah (Arikunto, 2010, kc. 203). Instrumén dina ieu panalungtikan ngawengku pedoman wawancara, pedoman observasi, jeung pedoman studi dokumentasi. Ieu instrumén dipaké pikeun ngumpulkeun sakabéh informasi-informasi ti para tokoh masarakat, wali puhun, nu boga sawah, atawa ti masarakat umum. Sacara kaélmuan, unsur struktural jeung étnopédagogik bakal

dikumpulkeun dumasar kana pamadegan para ahli dina buku-buku sumber paélmuan.

### 3.5.1 Padoman Obsérvasi

Padoman obsérvasi anu digunakeun miboga pungsi pikeun niténan sacara langsung hal-hal anu aya kaitanana jeung tradisi nyalin ti mimiti nepi kaahir. Hal-hal anu diobsérvasina, nyaéta (1) lokasi dilaksanakeunna tradisi nyalin, (2) struktur (téks jeung ko-téks) tradisi nyalin, jeung (3) pungsi (kontéks) tradisi nyalin.

**Tabél 3.4**  
**Padoman Obsérvasi**

No	Pertanyaan	Aya	Henteu
1	Téks dina Tradisi Nyalin a). Mantra b). Dongéng c). Pamali d). Diksi jeung Ungkara	✓ ✓ ✓ ✓	
2	Ko-téks dina Tradisi Nyalin a). Ngaran b). Tempat c). Waktu d). Palaku e). Kostum f). Tahapan g). Alat h). Bahan i). Gerakan	✓ ✓ ✓ ✓ ✓ ✓ ✓ ✓ ✓	
3	Kontéks/Pungsi Tradisi Nyalin	✓	

### 3.5.2 Padoman Wawancara

Padoman wawancara digunakeun pikeun ngawawancara para palaku jeung narasumber-narasumber nu aya dina tradisi nyalin di Desa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupatén Ciamis sangkan meunangkeun informasi-informasi nu akurat ngeunaan éta tradisi. Dina ieu panalungtikan pedoman wawacara didadasaran ku pasualan anu diajukeun dina rumusan masalah. Idéntitas narasumber jeung kisi-kisipedoaman wawancara dijéntrékeun dina tabel 3.5 jeung 3.6.

**Tabél 3.5**  
**Idéntitas Narasumber**

<b>Idéntitas Narasumber</b>	
Wasta	:
Umur	:
Wanda Jinis	:
Pakasaban	:
Atikan	:
Padumukan	:

**Tabel 3.6**  
**Kisi-kisi Instrumén Panalungtikan**  
**keur Ngajéntrékeun Struktur, Pungsi, jeung Ajén Étnopédagogik nu Nyangkaruka dina Tradisi Nyalin**

<b>NO</b>	<b>Masalah Panalungtikan</b>	<b>Tujuan Panalungtikan</b>	<b>Indikator</b>	<b>Pertanyaan Wawancara</b>
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1	Kumaha struktur (kotéks jeung téks) jeung pungsi (kontéks) tradisi nyalin di Desa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupaten Ciamis?	struktur (kotéks jeung téks) jeung pungsi (kontéks) tradisi nyalin di Desa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupaten Ciamis	Ngajéntrékeun ngaran kagiatan	1) Naon ngaran ieu kagiatan? 2) Kunaon dingaranan kitu?
			Ngajéntrékeun lumangsung tradisi nyalin	3) Naon waé tahapan dina kagiatan? 4) Kumaha ungal tahapanana dilaksanakeun? 5) Naon anu nuduhkeun tahapan dimimitian jeung dipungkas? 6) Sabaraha lila kagiatan lumangsung? 7) Naha aya bédana tahapan baheula jeung ayeuna?
			Ngajéntrékeun palaku dina tradisi nyalin	8) Saha waé palaku ieu kagiatan? 9) Saha nu mingpinna? 10) Naha aya istilah husus keur palaku dina ieu kagiatan? 11) Naon waé pancénnna?
	(2)		Ngajéntrékeun alat anu digunakeun dina tradisi nyalin	12) Naon waé alat anu digunakeun dina ieu kagiatan? 13) Naha aya istilah husus keur alat anu digunakeun?

(1)	(3)	(4)	(5)
		Ngajéntrékeun bahan anu digunakeun dina tradisi nyalin	14) Naon waé bahan pokok dina ieu kagiatan? 15) Timana éta bahan meunangna?
		Ngajéntrékeun kadaharan anu aya dina tradisi nyalin	16) Naon waé kadaharan anu kudu aya dina ieu kagiatan? 17) Kumaha éta kadaharan dijiejueun? 18) Keur saha éta kadaharan téh?
		Ngajéntrékeun tuturan dina tradisi nyalin	19) Basa naon anu digunakeun dina ieu kagiatan? 20) Naon waé tuturan nu aya dina ieu kagiatan? 21) Saha nu anu ngajéntrékeunana?
		Ngajéntrékeun Gerakan dina tradisi nyalin	22) Naon waé gerakan dina tradisi nyalin? 23) Bisa gerakanana dicontokeun? 24) Naha aya gerakan sakral dina ieu kagiatan?
		Ngajétrékeun waktu jeung tempat dina tradisi nyalin	25) Di mana ieu kagiatan lumangsung? 26) Kumaha ilustrasi tempatna? 27) Iraha ieu kagiatan dilaksanakeun? 28) Naha aya itungan waktu husus?
2	Naon waé ajén étnopédagogik dina tradisi nyalin di Desa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupaten Ciamis?	ajén étnopédagogik anu nyangkaruk dina tradisi nyalin di Desa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupaten Ciamis	Ngajéntrékeun ajén étnopédagogik dina tradisi nyalin 29) Naon waé ajén kahadéan anu bisa diturut ku masarakat tina tradisi nyalin? 30) Naha éta ajén kahadéan téh bisa dilarapkeun ka siswa di sakola?

(Diropéa tina Isnendes, 2013, kc.160)

### 3.5.3 Alat Dokuméntasi

Alat dokumentasi anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh dumasar kana dua kapentingan, nyaéta (1) ngarékam video, (2) ngarékam sora, jeung (3) moto kagiatan.

#### 1) Alat Rékam Video

Ngarékam video waktu tradisi nyalin lumangsung. Kaméra anu digunakeun nyaéta DLSR kalayan kualitas gambar *High Development* (HD).

#### 2) Alat Rékam Sora

Ngarékam sora waktu wawancara jeung sababaraha narasumber anu pakait. Alat rékam anu digunakeunana nyaéta *handphoe* kalayan kualitas rékah sora pangalusna. *Handphonena* OPPO F1s kalayan aplikasi rékam sora bawaan.

#### 3) Alat Poto

Moto kagiatan téh dilaksanakeun saméméh jeung waktu lumangsungna kagiatan. Alat poto anu digunakeun nyaéta kaméra DLSR, kaméra digital, jeung *handphone* kalayan kualitas gambar *High Development* (HD).

### 3.5.4 Format Analisis

Ieu format téh minangka sarana pikeun papasingan data ciri kelisanan jeung ajén értnopédagogik anu kapanggih dina tradisi nyalin.

#### 3.5.4.1 Format Analisis Ciri Kelisanan

Padoman analisis kelisanan téh dumasar kana tabél 3.7.

**Tabél 3.7**  
**Analisis Ciri Kelisanan**

No	Data		Ciri Kelisanan		
			PL	ÉL	NL
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)
1					

Keterangan:

PL= Pamikiran Lisan

ÉL= Éksprési Lisan

NL= Naratif Lisan

### 3.5.4.2 Format Analisis Ajén Étnopédagogik

Padoman analisis kelisanan téh dumasar kana tabél 3.8.

**Tabél 3.8**  
**Analisis Ajén Étnopédagogik**

<b>No</b>	<b>Data</b>		<b>Sawangan Hirup Urang Sunda (Sadrasa)</b>				
			<b>MP</b>	<b>MM</b>	<b>MP</b>	<b>MA</b>	<b>MKLB</b>
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)
1							

Keterangan:

MD= Manusa jeung Dirina

MM= Manusa jeung masarakat

MP= Manusa jeung Pangéran

MA= Manusa jeung Alam

MKLB= Manusa Ngahontal Kasugemaan Lahir jeung Batin